



Haitian Creole Edition
Grade 6 Mathematics Test, Book 1
March 12–16, 2007

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 1

Ane **6**

12–16 mas 2007



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2007 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk enstriman pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.

Egzanp A

Samuel te keyi 150 frèz nan jaden ki gen frèz la. Li distribye tout frèz yo bay 5 zanmi. Si Samuel te bay chak zanmi li menm kantite frèz, konbyen frèz chak zanmi te resevwa?

- A 30
- B 50
- C 145
- D 155

Egzanp B

Kirsten li yon kantite liv, k . Eric li 3 liv an mwens pase Kirsten. Ki ekspresyon ki ka itilize pou jwenn kantite liv Eric te li?

- A $k - 3$
- B $k + 3$
- C $3 - k$
- D $3 \times k$

RETE LA

1

Ki pwopòsyon ki kòrèk?

A $\frac{4}{5} = \frac{7}{15}$

B $\frac{7}{15} = \frac{10}{15}$

C $\frac{4}{5} = \frac{20}{25}$

D $\frac{10}{15} = \frac{20}{25}$

2

Pisin gonflab Shirley kenbe 368 ka dlo. Konbyen galon dlo li kenbe?

1 galon = 4 ka

A 92

B 364


C 372

D 1.472

Kontinye

3

Lawoulèt ki anba a divize an 6 seksyon egal. Isabel vire flèch ki sou lawoulèt la yon fwa.



Ki pwobabilite pou flèch la rete sou vèt?

- A $\frac{5}{6}$
- B $\frac{3}{6}$
- C $\frac{2}{6}$
- D $\frac{1}{6}$

4

Gabe te envite 4 tifi ak 7 ti gason nan yon fèt. Chak envite Gabe te resevwa yon sèten kantite ba bonbon, c . Ki ekspresyon ki reprezante kantite total ba bonbon envite Gabe yo te resevwa?

- A $11c$
- B $28c$
- C $4c + 7$
- D $4c \times 7c$

5 Ki valè x ki fè pwopòsyon anba a kòrèk?

$$\frac{x}{9} = \frac{9}{27}$$

- A** 1
- B** 3
- C** 6
- D** 9

6 Chen note kantite kreyon koulè ki nan bwat materyèl boza li selon koulè yo. Rezilta yo prezante nan tablo ki anba a.

KREYON KOULÈ CHEN YO

Koulè	Kantite Kreyon koulè
Ble	2
Wouj	3
Jòn	1
Vèt	4



Ki pwopòsyon kantite kreyon wouj parapò kantite kreyon jòn?

- A** 1:3
- B** 3:1
- C** 1:10
- D** 3:10

Kontinye

7

Dyagram ki anba a montre yon prism rektangilè Gayle bati avèk blòk.



[pa trase selon echèl la]

Ki volim prism rektangilè a?

- A** 10 pous kib
- B** 15 pous kib
- C** 30 pous kib
- D** 31 pous kib

8

Ki pwopriyete ki endike nan ekwasyon ki anba a?

$$4 \times (8 \times 6) = (4 \times 8) \times 6$$

- A** pwopriyete envès miltiplikasyon
- B** idantite envès miltiplikasyon
- C** pwopriyete asosyativ miltiplikasyon
- D** pwopriyete komitativ miltiplikasyon


9

Genyen 80 elèv nan sizyèm ane nan Howard Elementary School. Si 25% elèv yo gen zye vèt, konbyen elèv sizyèm ane ki gen zye vèt?

- A 16
- B 20
- C 40
- D 55

10

Michael reprezante twa pwen sou griy anba a epi li konekte pwen yo.



Ki kowòdone Michael ta dwe reprezante answit si li vle trase yon paralelogram?

- A (10, 2)
- B (6, 2)
- C (2, 8)
- D (2, 6)

Kontinye

11

Yon klas sizyèm ane fè yon sondaj sou manje prefere. Sou elèv ki nan klas la, $\frac{2}{6}$ chwazi anbègè, epi $\frac{3}{8}$ chwazi pitza. Ki fraksyon klas la ki chwazi swa anbègè oswa pitza kòm manje yo pi pito?

A $\frac{1}{24}$

B $\frac{6}{48}$

C $\frac{5}{14}$

D $\frac{17}{24}$

12

Tablo ki anba a montre longè mwayen diferan kalite vonvon.

LONGE VONVON YO

Non Vonvon	Longè
Vonvon bekonn	8 mm
Vonvon tig vèt	16 mm
Vonvon tè	16 mm
Vonvon predatè	8 mm
Vonvon sòlda	10 mm
Vonvon maritim	20 mm
Vonvon fèy pasyans vèt	6 mm

Ki medyàn done yo an milimèt?

A 8

B 10

C 12

D 14

- 13** Kathy achte 6 tas krèm alaglas. Konbyen pent krèm alaglas Kathy achte?

1 pent = 2 tas

- A 3
- B 4
- C 6
- D 12

- 14** Hector ak zanmi li yo fè koleksyon kat bezbòl. Kantite kat ki nan koleksyon chak moun endike anba a.

36, 61, 55, 72, 47, 12, 32, 44, 55

Ki etandi done yo?

- A 60
- B 55
- C 47
- D 46

- 15** Nan kou mizik sizyèm ane a, $\frac{1}{5}$ klas la vle bat senbal. Ki chif desimal ki ekivalan a $\frac{1}{5}$?

- A 0,02
- B 0,15
- C 0,2
- D 1,5

Kontinye

16

Yon poul ponn yon mwayèn 5,5 ze chak semenn. Si li ponn ze pandan yon sèten kantite semenn, w , ki ekspresyon ki ka itilize pou detèmine kantite total ze li ponn?

- A $5,5 \div w$
- B $5,5 + w$
- C $5,5 - w$
- D $5,5 \times w$


17

Bobby ap klase kèk klou selon longè yo. Longè klou yo se $2\frac{1}{2}$ pous, $2\frac{3}{4}$ pous, $\frac{3}{4}$ pous, $3\frac{1}{2}$ pous, ak $2\frac{1}{4}$ pous. Ki lis longè ki nan lòd apati **pi kout la** jiska **pi long lan**?

- A $2\frac{1}{2}$ $2\frac{1}{4}$ $\frac{3}{4}$ $3\frac{1}{2}$ $2\frac{3}{4}$
- B $\frac{3}{4}$ $2\frac{1}{4}$ $2\frac{1}{2}$ $2\frac{3}{4}$ $3\frac{1}{2}$
- C $\frac{3}{4}$ $2\frac{1}{2}$ $2\frac{1}{4}$ $3\frac{1}{2}$ $2\frac{3}{4}$
- D $3\frac{1}{2}$ $2\frac{3}{4}$ $2\frac{1}{2}$ $2\frac{1}{4}$ $\frac{3}{4}$

18

Sou griy ki anba a, Shina te trase yon dyagram anlè tab rektangilè.



Ki perimèt anlè tab rektangilè a an inite?

- A 10
- B 12
- C 20
- D 24

19

Nan jaden li a, Rachel gen yon barik dlo ki gen fòm yon silend. Reyon barik la mezire 1 pye, epi li gen yon wotè 4 pye. Ki volim barik dlo a an pye kib?

Eksprime repons ou an fonksyon π .

$$V = \pi r^2 h$$


- A 4π
- B 8π
- C 16π
- D 64π

Kontinye

20 Ki ekspresyon ki ekivalan a $|-11| + |-3|$?

- A** $11 + 3$
- B** $11 - 3$
- C** $-11 + -3$
- D** $-11 + 3$

21 Sèk ki anba a gen kat pati ki gen lejann.



Ki pati sèk la sègman U reprezante?

- A** ak
- B** kòd
- C** dyamèt
- D** reyon

22 Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$4^3 \times 3^2$$

- A 35
- B 72
- C 384
- D 576

23 Nan kou syans Mesye Martin, ekrevis lanmè ap kouve ze nan yon resipyan 255 mililit dlo sale. Konbyen lit dlo sale ki genyen nan resipyan an?

1 lit = 1.000 mililit

- A 0,255
- B 2,55
- C 2.550
- D 25.500

Kontinye





- 24 Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$6 \times (5^3 + 2)$$


- A 762
- B 752
- C 102
- D 92

- 25 Piktogram ki anba a montre kantite liv elèv sizyèm ane yo li nan kat diferan klas lekti.

TOTAL LEKTI

Kou	Kantite Liv
Madmwazèl Prior	
Mesye Perez	
Madmwazèl Mills	
Mesye Li	

LEJANN

 = 10 liv

Konbyen liv anplis elèv ki nan klas Mesye Perez yo li pase elèv ki nan klas Madmwazèl Mills yo?

- A $2\frac{1}{2}$
- B $8\frac{1}{2}$
- C 25
- D 85

RETE LA



Ane 6
Egzamen Matematik
Liv 1
12–16 mas 2007

Grade 6
Mathematics Test
Book 1
March 12-16, 2007